# BALALAR OYÍN FOLKLORÍNDA OBRAZLARDÍŃ JASALÍWÍ

**Biysenbaev Quwandıq Baxıtbay ulı**

*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

Balalar folklorı xalqımız kórkem awızeki dóretiwshiliginiń quramlı bir bólegin qurap, óz aldına bir neshe janrlardı óz ishine aladı. Úlkenler folklorındağı qosıq, ertek balalar folklorında perzentlerine maslastırılğan halda jaratılğan boladı. Biraq dástan, terme sıyaqlı quramalı ómirlik waqıyalar menen baylanıslı bolğanı ushın bul janrlar balalar ádebiyatında ushıraspaydı.

Qaraqalpaq balalar oyın folklorıqosıqlarınıń kórkem ádebiyligin basqa balalar qosıqları menen salıstırıp úyrenilse, ádebiyligi boyınsha teń áhmiyetke iye ekenligin, hátteki ayırım ózine tán tárepleri bar ekenligin kóriwimiz múmkin. Sóz oyın qosıqlarında balalarğa jaqın, túsinikli hám dástúriy obrazlar qollanıladı. Qosıqlardağı syujet waqıyaları bir-biri menen óz-ara baylanıslı orın almasıp, shınjırlı baylanıstı payda etedi. Pikirden pikirge, obrazdan obrazğa kóship ótiw processin kóriwimiz múmkin. Usınday kóship ótiwler, baylanıslar arqalı sóz oyın qosıqlarınıń qosıq qatarları kóbeyip, uzayıp bara beredi.

Qaraqalpaq balalar oyın folklorı tariyxı hám qáliplesiwi uzaq dáwirdi óz ishine aladı. Másele "Túlkishek" qosığı haqqında Ózbekstan qaharmanı Ibrayım Yusupovtıń tómendegi pikirleri júdá orınlı aytılğan: "Túlkishek" altı júz jıldan berli qaraqalpaq balalarınıń kórkemlik sóylew tilin jatlıqtırıwğa jarap, olardıń ruwxıy dúnyasınan elege deyin orın alıp kiyatırıptı degen sóz [4:60]. Qaraqalpaq balalar oyın folklorındağı qosıqlar teksti "Kodeks Kumanikus" hám "Dewani luğatit turk"jazba esteliklerindegi tekstler menen únles bolıp keliwi de bul pikirdi tastıyıqlaydı.

Qaraqalpaq balalar oyın folklorı qosıqlarınıń obrazlar sisteması júdá bay hám hár túrli. Tiykarğı obraz – bala obrazınan tısqarı úlkenler obrazında kóriwimiz múmkin.

**Úlkenler obrazı** - apa, ağa, xan, patsha, tarıyxıy shaxslar obrazları:

**Ağası, apasına** eken.
**Ağası** nesin beredi?
Altın begligin beredi.
**Apası** nesin beredi?
Altın tóbeligin beredi.
**Ağası** qaylardan kiyatır?
Alıs jaylardan kiyatır.
**Apası** nağıp otır?
Aq bópesin bağıp otır!
**(Hákke qayda)**

***

Há Túlkishek, Túlkishek,
– Túnde qayda barasań?
– **Maman**nıń úyine baraman,
– **Maman** saǵan ne berer? **(Túlkishek)**

***

– Iyt awzınan alaman,
– **Batıy xan**ǵa baraman.
– **Batıy xan**nıń nesi bar?
– Ushar-ushar qusı bar, **(Túlkishek)**

Haywanlar obrazı – bul obrazlar sóz oyın qosıqlarınde eń kóp qollanılatuǵın obrazlar esaplanadı. (túlki, qasqır, qoyan, qumırsqa, túye, qoy, eshki, iyt, pıshıq, balıq h.t.b)

Kók óleń, kók óleń, sen neden kúshli boldıń?
Men kúshli bolsam, **qoy** moynımdı julmas edi.
**Qoyeke, qoyeke**, sen neden kúshli boldıń?
Men kúshli bolsam, qasqır janımdı almas edi.
**Qasqır aǵa, qasqır áǵa** sen neden kúshli boldıń?
Men kúshli bolsam, adam terimdi sılmas edi.
Adamzat, adamzat, sen neden kúshli boldıń?
Men kúshli bolsam, **qumırsqa** jemtik qılmas edi.
**Qumırsqa, qumırsqa** sen neden kúshli boldıń?
Men kúshli bolmay-she, eneleriń bolsın,
Alpıs batpan awırdı arqalaǵan kúshlimen,
Jetpis batpan júgińdi jelkelegen kúshlimen,
Kúshlimen – men, kúshlimen, jeken kúshlimen! **(Kim kúshli)**

***

**At** – kisneydi.
**Sıyır** – móńireydi,
**Qoy, eshki** – mańıraydı.
**Túye** – bozlaydı.
**Shoshqa** – shıńqıradı
**Iyt** – úredi,
**Pıshıq** – mıyawlaydı,
**Tıshqan** – shıyqıldaydı,
**Mákiyen** – qıt-qıtlaydı.
**Qoraz** – shaqıradı.

**Shıbın** – ızıldaydı.
**Shegirtke** – tızıldaydı.
**Jılan** – ızıldaydı.
**Qurbaqa** – baqıldaydı.
**Ayıw** – aqıradı, ókiredi.
**Qasqır** – ulıydı.
**Túlki** – shańqıldaydı.
**Shaǵal** – shuwlaydı.
**Porsıq** – pısıldaydı.
**Qundız** – ısıńdaydı.
**Arıslan** – gúrildeydi, aqıradı.
**Jolbarıs** – burqanadı, aqıradı. **(Haywanlar qalayınsha dawıslaydı)**

***

**- Túye, túye – túyeler**
Duzıń qayda túyeler?
Balqantawdıń basında
**Balıq** oynar tusında. **(Túye, túye-túyeler)**

***

Áwelemen-dúwelemen,
**Salqan iyttiń** sanı menen,
**Qara qoydıń** qanı menen. **(Áwelemen-dúwelemen)**

Quslar obrazı - ǵaz, tawıq, ǵarǵa, hákke h.t.b.

1) Iyt áketse qáytemiz?
– Iyt awzınan alamız,
– Qus áketse qáytemiz?
– **Qus** awzınan alamız

2) **Ushar-ushar qusı** bar,
Ushıp ketti hawaǵa,
Qaytıp tústi dáryaǵa,
Dárya suwın qurıttı. **(Túlkishek)**

Hákke qayda?
Uyasında.
Neǵıp otır?
Is tigip otır. **(Hákke qayda)**

***

**Jer, aspan deneleri hám tábiyat hádiyseleri** – jer, taw, jawın, quyash, ay, juldızlar.

Úrker, úrker – **shoq juldız**
Úrkip qayda barasań?
Ullıtawǵa baraman.
Ullıtawdıń nesi bar?
Ular degen qusı bar… **(Úrker, úrker – shoq juldız)**

**Adam músheleri** – barmaq, bas, ayaq, kóz.

Sen **bas barmaq** qoyıńa bar,
Sen **balan úyrek** eshkińe bar,
Sen **ortan terek** jılqıń bar,
Sen **Shúldir shúmek** sıyırıńa bar. **(Bas barmaq, balan úyrek)**

Bala, bala-balpaq,
**Bas**ıń nege jalpaq? **(Bala, bala-balpaq)**

Qaraqalpaq balalar oyın folklorında bunday obrazlardıń payda bolıwında dástanlar, ertekler, ańızlar, ápsanalar, tarıyxıy waqıyalar sebepshi bolǵan bolıwı múmkin. Ásirese, erteklerdiń tásiri joqarı bolǵanlıǵın seziw múmkin. Haywanatlar obrazı erteklerde eń kóp ushıraytuǵın obraz esaplanadı. Sóz oyın qosıqlarında háreketli oyınlar bolǵanlıǵı ushın kóbinese tiri janzatlar, háreketleniwshi deneler obraz sıpatında qatnasadı. Erteklerdegidey haywan obrazları súwretlengenligi menen, báribir tiykarǵı ideya adam xarakteri. Erteklerde haywan obrazı sap halatta sáwlelense, sóz oyın qosıqlarında sol obrazǵa eńgen bala sıpatında kórsetiledi. «Túlkishek» qosıǵında túlkishek obrazında bala súwretlense, «Hákke qayda» qosıǵında soraw-juwap formasında hákke obrazı úshinshi bette keledi. Obrazlar ertektegidey bir syujetten ekinshi bir syujetke óz-ara baylanıslı halda ótip júre beredi. Máselen, «Kim kúshli» sóz oyın qosıǵı Evropa ádebiyatındaǵı aǵa-inili Grimmlerdiń «Tıshqanlar toyı» ertegi menen únles keledi. Bunday uqsaslıqlar sóz oyın qosıqları syujet tiykarın kóbinese erteklerden alatuǵınlıǵın kórsetedi. Basqasha etip aytqanda sóz oyın qosıqları obrazlar sisteması boyınsha erteklerdiń qosıq hám oyın elementleri bar ózgeshe bir forması. Kópshilik folklorlıq dóretpeler syujetleri erteklerge tiykarlanǵan boladı, erteklerden paydalanılǵan boladı. Qaraqalpaq balalar oyın folklorıqosıqlarınıń da obraz sisteması boyınsha mine usınday ózgesheliklerge iye.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Allambergenov K., Ismayl Q., Kazaqbaev S. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı (Oqıw qollanba). – Tashkent: Tafakkur avlodi, 2020.

2. Қурбанбаев И. Қарақалпак балалар әдебияты. – Нөкис: Билим, 1992.

3. Амирлан С. Айнанайын (Қарақалпақ аялаў поэзиясы үлгилери). – Ташкент: Yangikitob, 2020.

4. Сөз ҳәм пикир. Юсупов И. – Ургенч: Қуванчбек-Машҳура, 2023.